# KITAPXANA PAYDALANÍWSHÍLARÍNÍŃ TALAP HÁM QÍZÍǴÍWSHÍLÍQLARÍN ANALIZLEW

**Mambetova Ayxan** – *magistr*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** kitap, kitapxana, málimleme xizmati, kitapxan, kitapxanlar qızıǵıwshılıǵı.
**Ключевые слова:** книга, библиотека, информационная служба, библиотека, библиотечные интересы.
**Key words:** book, library, information service, library, library enthusiasm.

2011-jıl 13-aprel kúni "Málimleme – kitapxan iskerligi haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamınıń qabıl etilgenligi kitapxanashılıq jumısı rawajlanıwında zárúrli áhmiyetke iye waqıya boldı. Kitapxanashılıq jumısınıń nátiyjeli sheshiliwi tiyis bolǵan máseleleri nızam arqalı muwapıqlastırıladı. Ózbekstan Respublikasınıń "Málimleme – kitapxana iskerligi haqqında"ǵı Nızamınada keltirilgen málimleme – kitapxan tarawı aldındaǵı zárúrli waziypalardan biri bul – paydalanwshılardıń oqıw mádeniyatın hám málimleme – kitapxana resurslarınan paydalanıwın támiyinlew bolıp tabıladı. Málimleme – kitapxana iskerligi dóretiwshilik qábiletke iye, erkin pikirleytuǵın, intellektuallıq potencialǵa iye bárkámal áwladtı tárbiyalawǵa qaratılǵan bolıp, bul jámiyettiń kelesheginde jáne de azat hám erkin bolıwına, mámlekettiń siyasiy tárepten rawajlanıwǵa alıp keledi. Málimleme-kitapxana mákemelerinde jaslar tárbiyası ushın zárúrli bolǵan ruwxıy – etikalıq ortalıqtı payda etiw, kitapxannıń qızıǵıwshılıqların úyreniw, sociallıq-siyasiy, ruwxıy tárbiyalıq tárepten aktual másele bolıp, onı milliy hám ruwxıy, tariyxıy qádiriyatlarımızdan paydalanǵan halda sheshiw bul mákemeler aldında turǵan zárúrli wazıypa bolıp tabıladı.

Málimleme – kitapxana iskerliginde kitapxan qızıǵıwshılıǵın, talabın, zárúriyatın úzliksiz hám maqsetli úyrenip barıw, olar menen jumıstı shólkemlestiriw, bunda kompyuter hám tele-kommunikatsiya texnologiyalarınan paydalanıw málimleme-kitapxana xizmetinde tiykarǵı jónelislerden biri. «Kitapxanatanıwshılıq» páni rawajlanıwda kitapxannıń logikalıq oylaw processleri analiz hám sintez qılıw, salıstırıw, ulıwmalastırıw, klassifikaciyalaw, kitapxannıń ilimiy izertlewin (izertlewshilik), iskerligi nizamlıqların — mashqalalı jaǵday, biliwge qızıǵıwshılıq, ruwxıy mútajlik, talap dárejesin esapqa alıp islengen kitapxanashılıq jumısınıń dástúriy usılların qollaw hám avtomatlastırıw áhmiyetli orın tutadı. Kitapxan qızıǵıwshılıǵın úyreniw nátiyjesinde málimleme-kitapxana xizmeti formaları da aktivlesedi, rawajlanadı, shólkem iskerligi jaqsılanadı, usınıń menen birge, kitapxannıń da aktivligi, juwapkerligi asadı, pikirlew, túsiniw, ózlestiriw dárejesi kóteriledi, mashqalalı máselelerin analiz qılıw, jaǵdaydan shıǵıp ketiw ushın intellektual rawajlanıw sistemasın iyelewge tásir etedi. Bul bolsa kitapxannıń dóretiwshilik izertlew, intellektual miynet qılıw hám onıń ushın oqıw kónlikpesi hám mamanlıǵın iyelewine sebep boladı, intellektual iskerlik sapasınıń ózgeriwine, ilimiy, sın kóz-qarastan hám dóretiwshilik pikirlewge alıp keledi. Kitapxan qızıǵıwshılıǵın úyreniw processinde kitapxannıńmálimleme materialın dıqqat hám itibar menen, yúsingen hám sezim etken halda oqıwı, málim bir sistemada ǵárezsiz bilim alıwı, intellektual hám dóretiwshilik pikirlewi, oy-pikir etiwi, ǵárezsiz ádebiyat hám elektron resursların tańlay alıwı, dóretiwshilik qábiletiniń ósiwi, kitapxanlıq qánigeliginiń rawajlanıp barıwı, dóretiwshilik iskerligin shólkemlestiriw hám rawajlanıp barıwı kózge taslanadı. Dástúriy kitapxanashılıq tájiriybesinde kitapxanlar qızıǵıwshılıǵın úyreniwdiń baqlaw usılı keń qollanılǵan. Bul usıl, ásirese, balalar hám óspirimler menen jumıs alıp baratuǵın qánigeler ushın zárúr. Baqlaw usılı basqa usıllar menen sáykes alıp barıladı. Bunda kitapxanǵa sezdirmey, onıń ádebiyatlarǵa múnasibeti, juwapkerligi, bilimge umtılıwı,

Internet resurslarınan paydalanıwı, onıń mazmunı, kompyuterlerden paydalana alıw qábileti, elektron katalogtan paydalanıw dárejesi, ǵalabalıq ilajlarda qatnasıwı, kórgezbelerge múnásibeti, átirapındaǵı insanlar menen qarım-qatnası úyreniledi hám anıqlanadı. Kitapxandı tolıq hám anıq biliw ushın, onıń sorawların, oqıw maqsetin, oqıǵan ádebiyatqa múnásibeti, odan alǵan juwmaqların, qızıǵıwshılıq hám mútajliklerin úzliksiz úyrenip barıw processinde erisiledi. Bul bolsa qánigeden kásiplik, teoriyalıq hám ámeliy bilim, kónlikpe hám basqarıw sheberligin, menejerlik bilimin, jumıs usılın hám lawazım minnetlemelerin, juwapkerlik qábiletti hám olardı rawajlanıp barıwın talap etedi. Buǵan iskerlik motivların anıqlaw, maqsetti tuwrı belgilep alıw, qızıǵıwshılıqlardı bayıp barıw hám nátiyjeli miynet menen erisiw múmkin. Kitapxanlıq qızıǵıwshılıǵı, insan ulıwma qızıǵıwshılıǵınıń bir bólegi bolıp, ol taǵı málim jónelis boyınsha kitap tańlaw waqtında qaysı máseleler (temalar, bilim tarawları) maydanınan kisiniń kitap oqıwdı abzal kóriwinde ańlatıladı. Keyinirek bolsa kitapxan qızıǵıwshılıǵı oqılǵan kitaptı qanday analizlewi, oǵan qansheli oylap, sın kózqarastan jantasıwında, kitap ústinde qanday islewinde, oqıǵanlarınan turmısında, iskerliginde qanday paydalanıwında óz ańlatpasın tabadı hám bayıp baradı. Kóbinese, kitapxan tek kitap mazmunına emes, bálkim onıń qaysı tárzde bayanlanıwına itibardı qaratıp, óz talabın qoyadı. Mısalı, kórkem ádebiyat salasında túrli kitapxanlardı hár qıylı janrlar qızıqtıradı: biri ádebiy dóretpelerdi oqıwdı jaqtırsa, basqaları lirikanı jaqtıradı, biri tariyxıy dóretpelerdi, geyparaları jawıngerlik dóretpelerdi unatadı, ayırım jaǵdaylarda kitaptıń kólemi (qalıń yamasa juqalıǵı) birinshi orınǵa shıǵadı. Kitapxanlar qızıǵıwshılıǵı — social hádiyse bolıp tabıladı.Bul qızıǵıwshılıq social turmıs sebepli payda boladı, insannıń social, islep shıǵarıw, kásiplik hám de psixik qızıǵıwshılıqların sáwlelendiredi. Málimleme-kitapxana mákemeleriniń kitapxanları túrli kárxana, kompaniya, bank, biznes, kishi kárxanalar, dıyqan - fermer xojalıqlarında islewleri yamasa túrli oqıw orınlarında oqıwları múmkin. Olardıń aldında júdá hár qıylı, anıq wazıypalar turadı. Bul wazıypalardı sheshiwde qatnasıw arnawlı bir talap hám qızıǵıwshılıqlardı shárt etip qoyadı, hár bir jumıstıń tabıslı sheshiliwi ushın járdem beretuǵın jollardı izlewge tuwrı keledi. Sonday eken, ol yamasa bul qızıǵıwshılıqlardıń payda bolıwı kútilmegen jaǵday bolmay, bálkim kitapxannıń shańaraqlıq turmısı, miyneti jáne social iskerligine baylanıslı halda payda boladı.

Kitapxanlar qızıǵıwshılıǵın sol qızıǵıwshılıqlardı payda qılıp atırǵan hár túrli sorawların, kitapqa bolǵan múnásibetin, aqıl etiw zárúrliginen keltirip shıǵarıp atırǵan sharayatlardı úyreniw menen tuwrı túsiniw múmkin. Keyingi jıllarda kıtapxanlardıń talap hám qızıǵıwshılıqları túpten ózgerdi. Sebebi málimemege bolǵan qızıǵıwshılıq, dúnya málimleme álemine kiriwge umtılıw, odan keńlew payda kóriwi bolıp, internet sisteması, ondaǵı resurslar da kitapxannıń dúnyaǵa kózqarasına, qızıǵıwshılıqına tásir etpey qalmaydı. Ásirese, dúnya málimleme álemine erkin shıǵa alıw múmkinshiligi úlken tásir qılıp atır. Nátiyjede, kitapxannıń málimlemeni qabıllaw, toplaw, saqlaw, uzatıw hám qayta islew boyınsha bilim hám kónlikpelerin qáliplestiriw, hár bir insandı jámiyet ushın zárúr shaxs sıpatında qáliplestiriw, kitapxannıń qızıǵıwshılıǵın, zárúriyatın qandırıwda kompyuter texnologiyasınan paydalanıw, túrli maǵlıwmatlar bazalarınan paydalanıw múmkinshiligi payda boldı.Kitapxanlar qızıǵıwshılıǵın úyreniwde málim bir ózgeshelikine kóre, bólek gruppanı quraytuǵın kitapxanlar toparın úyreniw jaqsı nátiyje beredi. Hár qıylı kásiptegi jumısshılar, qánigeler, medicina xızmetkerleri, oqıtıwshılar, injenerler, studentler, magistrlar, ilimiy xızmetkerler, tarawdıń qánigeleriniń kásiplik qızıǵıwshılıqları kásibine tiyisli arnawlı ádebiyattı talap etedi. Kitapxanlar jasına qaray gruppalarǵa ajıratılǵanda — balalarǵa xizmet kórsetiwshi málimleme-resurs oraylarında 1-4-klass, 5-6-klass, 7-9-klass óspirimler, jaslar, dep ajıratılıp, olardıń kitapxanlıq talabına psixikalıq qásiyetleri, jas qásiyetlerine kóre tásir etilgen. Kitapxan qızıǵıwshılıǵındaǵı turaqlılıq, ásirese, kitaptan óz jumısı ushın járdem tabıwshı, sonıń menen

birge, islep shıǵarıw mamanlıǵın asırıw yamasa ǵárezsiz bilim alıw menen shuǵıllanatuǵın adamlarǵa tán ózgeshelik bolıp tabıladı. Qánige xızmetkerdiń wazıypası — bul kitapxannıń qızıǵıwshılıǵın úyreniw, oqıw temasın keńeytiw, kitaplar arqalı olarda keń social qızıǵıwshılıqtı oyatıw, oqıw mádeniyatın tárbiyalawdan ibarat. MRO jumısshısı kitapxanda payda bolǵan qızıǵıwshılıqtı úyrenip qalmay, bálkim hár tárepleme rawajlanǵan shaxstı tárbiyalaw wazıypalarınan kelip shıqqan halda jańa kitapxanlıq qızıǵıwshılıqların oyatıw, joqarı dárejedegi kitapxanlıq didin tárbiyalaw menen tiykarǵı pedagogikalıq, tárbiyalıq jumıstı orınlawı kerek. Kitapxan qızıǵıwshılıǵın anıq hám tolıq biliwde kitapxannıń islep shıǵarıw iskerligi túri, onıń qásiyetleri, xojalıq turmıs sharayatı zárúrli áhmiyetke iye, jergilikli úlkeniń ayrıqsha qásiyetleri, xalıqtıń ne menen shuǵıllanıwı jáne onıń mádeniy dárejesi de bólek úyreniwdi talap etedi. Kitapxana xizmet kórsetip atırǵan aymaqtaǵı xalıqtıń tiykarǵı siyasiy toparları hám kitapxanlar toparların biliw de zárúrli. Qánige xizmetker xalıq quramın túrli kriteryalar tiykarında esapqa alıp, olardıń hár birine qansha muǵdarda hám qanday kitaplar, elektron maǵlıwmat, qaysı dárejede Internet xızmeti kórsetiliwi kerekligin hám keyin orınlanıwı kerek bolǵan jumıslar kólemin anıqlap aladı.

Juwmaqlap aytqanda, málimleme-kitapxana mákemeleri paydalanıwshılardıń qızıǵıwshılıqları, talap hám mútájliklerin úyreniw kitapxanashılıq jumısınıń áhmiyetli hám ajıralmas quram bólegi esaplanadı. Paydalanıwshılardıń informaciyaǵa bolǵan talabın anıqlaw, olardıń jas, kásip, sociallıq hám psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alǵan halda xızmet kórsetiw sistemasın shólkemlestiriw kitapxana jumısınıń nátiyjeliligin arttıradı.

Zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyalarınıń jedel rawajlanıwı kitapxanalar aldına jańa wazıypalardı qoymaqta. Sonlıqtan, paydalanıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın turaqlı úyreniw, olardı durıs baǵdarlaw, kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriw hám keńeytiw búgingi kúnniń áhmietli máselelerinen biri bolıp esaplanadı. Bul proceste kitapxanashı qánigeniń kásiplik sheberligi, pedagogikalıq hám psixologiyalıq qatnası úlken áhmiyetke iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Mahmudov M.X., Shokirov T.Sh. Axborot kutubxona xizmati nazariyasi va metodikasi.–T.: 2008.-160 b.

2. Yuldashev I.J., Nosirov Ó. Kutubxona-axborot xizmati: nazariyasi va amaliyoti: Óquv qóllanma.- T., 2021.-352b.

3. Melentyeva Y.P. Biblotechnoye obslujiveniye: uchebnik – Moskva: FAIR, 2006. – 251 s.

4. Kutubxonachiga yordam : dayjest / Alisher Navoiy nomidagi Uzbekistan Milliy kutubxonasi ; tuzuvchi M. Kamilova ; muxarrir D. Mansurov; mas’ul muxarrir U. Teshabayeva – Toshkent : Alisher Navoiy nomidagi Uzbekistan Milliy kutubxonanasi nashriyoti, 2019.

5. Yoʻldosheva E. Kutubxonada bolalar oʻqishiga rahbarlik qilish: Oʻquv qoʻllanma. – T.: O’zbekiston, 2002.– 128 b.

6. Umarov A. Ijtimoiy-madaniy taraqqiyotni ta’minlash va komil inson shaxsini shakllantirishda mutolaaning roli. Sotsiologiya fanlari doktori dissertatsiya avtoreferati. – T., 2005.

7. Yo.Qayumxoʻjayeva. Yosh kitobxonlar kitobxonlik madaniyatiga doir qarashlar. – T., 2008.

8. Ахборот хизматлари учун амалий қўлланма: жамоатчилик билан самарали мулоқот / Н. Қосимова, Г. Бобожонова, Л. Исломова. – Тошкент: Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти, 2013. 132 б.

**REZYUME.** Mazkur maqolada axborot-kutubxona muassasalarida foydalanuvchilarning talab va qiziqishlarini oʻrganish hamda tahlil qilish masalalari yoritilgan. Foydalanuvchilarning yosh, kasbiy va psixologik xususiyatlarini hisobga olgan holda kutubxona xizmatlarini tashkil etishning ahamiyati ochib berilgan. Shuningdek, zamonaviy axborot-kommunikatsiya texnologiyalari va elektron resurslardan foydalanish orqali foydalanuvchilarning axborot ehtiyojlarini samarali qondirish yoʻllari koʻrsatib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются вопросы изучения и анализа потребностей и интересов пользователей в информационно-библиотечных учреждениях. Раскрывается важность организации библиотечных услуг с учетом возрастных, профессиональных и психологических особенностей пользователей. Также показаны пути эффективного удовлетворения информационных потребностей пользователей за счет использования современных информационно-коммуникационных технологий и электронных ресурсов.

**SUMMARY.** This article covers the issues of studying and analyzing the needs and interests of users in information and library institutions. The importance of organizing library services, taking into account the age, professional, and psychological characteristics of users, is revealed. Also, ways of effectively satisfying the information needs of users through the use of modern information and communication technologies and electronic resources are shown.

# РОЛЬ НАРОДНОГО ТВОРЧЕСТВА И НАЦИОНАЛЬНЫХ ЦЕННОСТЕЙ В ФОРМИРОВАНИИ БИБЛИОТЕЧНОЙ КУЛЬТУРЫ

**Науризбаева Ширин Бахтияр кызы -** *магистр*
*Нукусского филиала Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

**Tayanch soʻzlar:** kutubxona madaniyati, xalq ijodi, milliy qadriyatlar, folklor, madaniy meros, kitobxonlik madaniyati.

**Ключевые слова:** библиотечная культура, народное творчество, национальные ценности, фольклор, культурное наследие, читательская культура.

**Key words:** library culture, folk art, national values, folklore, cultural heritage, reading culture.

В условиях глобализации и стремительного развития информационных технологий проблема сохранения национальной идентичности приобретает особую актуальность. Одним из ключевых инструментов в данном процессе выступает библиотека как социальный институт, обеспечивающий доступ к культурному наследию и формирующий ценностные ориентиры личности. Библиотечная культура не ограничивается только навыками работы с информацией, она включает в себя систему духовных, нравственных и эстетических ценностей, передаваемых через книгу и чтение. Народное творчество, являясь неотъемлемой частью национальной культуры, аккумулирует исторический опыт, моральные нормы, мировоззрение и традиции народа. Устное народное творчество, эпосы, сказки, пословицы и легенды играют важную роль в формировании культурной памяти общества. Их интеграция в библиотечную практику способствует укреплению национального самосознания и развитию интереса к родному языку и культуре. Несмотря на значительное количество исследований в области библиотековедения и культурологии, проблема системного включения народного творчества и национальных ценностей в формирование библиотечной культуры остается недостаточно изученной. Это обусловливает необходимость комплексного научного анализа данной темы.

Целью настоящего исследования является определение роли народного творчества и национальных ценностей в формировании библиотечной культуры, а также выявление основных направлений